



Konsèy pou vwayaj: ICE nan ayewopò yo

Fè yon plan sekirite si ou bezwen sa

Si w gen yon ka imigrasyon ki an kou, konsidere pale ak yon avoka imigrasyon anvan w vwayaje oswa ale nan yon ayewopò.



Kenbe nimewo telefòn yon avoka, yon zanmi, yon manm fanmi, oswa yon lòt kontak ijans sou ou. Eseye aprann yo pa kè oswa pote yo avèk ou.



Pataje kote w ye a ak yon zanmi ou fè konfyans, yon manm fanmi ou, oswa yon kontak ijans.



Pataje enfòmasyon vòl ou a ak zanmi ou fè konfyans, yon manm fanmi ou, oswa yon kontak ijans.

Konsiderasyon Espesyal pou Paran yo

Fanmi yo ka chèche nonmen yon granmoun yo fè konfyans pou pran swen pitit yo atravè deziyasyon oswa tit gadyen. Nou ankouraje w fòtman pou konsilte ak yon avoka anvan ou pran etap sa yo pou konprann sa ki pi bon pou fanmi w.

Pou plis enfòmasyon, gade feyè nou an ki rele Resous pou Paran ak Moun k ap Pran Swen Imigran yo lè w eskane Kòd QR la oubyen lè w vizite: www.nyc.gov/knowyourrights



Pou jwenn konsèy espesifik pou sitiyasyon w lan, tanpri rele Liy Dirèk Sipò Legal Imigrasyon MOIA a, ke Vil la finanse, epi ki gratis e an sekirite, pou jwenn enfòmasyon sou kijan e ki kote pou jwenn èd legal pou imigrasyon. Èd legal gratis disponib pou rezidan Vil Nouyòk ki satisfè sèten kondisyon revni.

800-354-0365



Konsèy pou vwayaj: ICE nan ayewopò yo

Haitian Creole • March 2026

Apati 23 Mas 2026, ajan ICE yo pral deplwaye nan 14 ayewopò ameriken pou ede nan operasyon sekirite pandan sispansyon yon pati nan DHS.

Kisa Pou Atann Nan Ayewopò a?



ICE deplwaye nan 14 ayewopò atravè peyi a, enkli LaGuardia, JFK, ak Newark.



Prepare w pou gwo liy sekirite nan ayewopò a. Rive bonè pou asire w ka pase kontwòl sekirite a alè pou vòl ou.

Pote kopi fizik dokiman enpòtan yo



Prèw sitiyasyon legal ou, tankou yon viza valab, kat vèt, pèmi travay, oswa avi resi pou nenpòt aplikasyon k ap tann.



Kopi sètifye nan lòd tribinal kriminèl yo, si dosye w la te fèmen. Konsilte ak yon avoka imigrasyon pou konnen ki dokiman ki enpòtan pou sitiyasyon espesifik ou.



Tikè ou oswa kat anbakman ou

Enfòmasyon sa a se pou rezon edikasyon jeneral sèlman epi li pa konsèy legal. Si ou menm oswa nenpòt moun ou konnen gen enkyetid sou estati imigrasyon yo epi w ap planifye vwayaje, nou ankouraje w fòtman pou pale ak yon avoka imigrasyon anvan vwayaj la.